


Prezidan Thomas S. Monson



# Prezidan Monson mande pou nou gen kouraj

**P**rezidan Thomas S. Monson espesifye ke, prèske kontinyèlman, nou aple pou nou fè chwa, yon fason oswa yon lòt.

*Li konseye nou: pou nou fè chwa ki saj, nou bezwen kouraj—“kouraj pou nou di non, kouraj pou nou di wi. Desizyon toujou detèmine destine.”<sup>1</sup>*

*Nan deklarasyon sa yo, Prezidan Monson raple Sen Dènye Jou yo ke yo bezwen kouraj pou kanpe pou laverite ak lajistis, pou defann sa yo kwè, ak pou afwonte yon mond k ap rejte valè ak prensip etènèl yo.*

*Li di: “Apèl pou kouraj la vini konstaman pou nou chak. Sa te toujou konsa, epi sa ap toujou kontinye rete konsa.”<sup>2</sup>*

## **Kouraj pote apwobasyon Bondye**

“Nou tout gen pou nou afwonte laperèz, mokri, ak opozisyon. Annou—nou tout ansanm—gen kouraj pou nou afwonte opinyon jeneral la, pou nou gen kouraj pou defann prensip nou yo. Se kouraj, non pa konpwomi, ki ap pote souri apwobasyon Bondye. Kouraj vin tounen yon vèti aktif ak atiran lè nou konsidere l non sèlman kòm yon dispozisyon pou nou mouri kòm ewo men kòm yon detèminasyon pou nou mennen yon lavi ki diy tou. Si nou avanse devan, pandan n ap eseye pou nou viv jan nou ta dwe viv, nou gen asirans ke n ap resevwa èd Senyè a ak pouvwa pou nou jwenn rekonfò nan pawòl li yo.”<sup>3</sup>

## **Kanpe avèk kouraj**

“Kisa sa vle di pou nou pèsevere? Mwen renmen defini sa a: *pèsevere avèk kouraj*. Se sèten ke nou bezwen kouraj pou nou ka kwè; pafwa li gen dwa nesesè pou nou gen kouraj pou n obeyi. Epi li absoliman nesesè pou nou gen kouraj pou n pèsevere jiskaske jou a rive pou nou kite egzistans mòtèl sa a.”<sup>4</sup>

## **Gen kouraj pou n defann laverite**

“[Se pou] nou gen kouraj pou n defann laverite ak lajistis. Etandone tandans sosyete aktyèl nou an se pou elwaye nou de valè ak prensip Senyè a ba nou yo, nou pral san dout aple pou nou defann sa nou kwè. Si temwayaj nou pa anrasine byen fèm, l ap difisil pou nou sipòte mokri moun k ap atake lafwa nou yo. Si nou plante l byen fèm, temwayaj nou sou levanjil la, sou Sovè a, ak sou Papa nou ki nan Syèl la ap enfluyanse tout sa n ap fè pandan tout lavi nou.”<sup>5</sup>

## **Nou bezwen kouraj moral ak espirityèl**

“Mesaj y ap ba nou nan televizyon, nan sinema, ak nan lòt medya yo [jodia], byen souvan an opozisyon dirèk avèk sa nou vle pitit nou yo anbrase ak kenbe. Nou gen responsablite pou nou non sèlman anseye yo pou yo kenbe doktrin nan byen klè nan lespri yo men tou, nou dwe ede yo rete sou chemen sa a, devan kèlkeswa fòs eksteryè yo ka rankontre. Sa ap mande anpil tan ak efò bò kote pa

nou—epitou pou nou ka ede lòt moun, nou menm tou nou bezwen gen kouraj moralman ak esprityèlman pou nou reziste anba mal nou wè toupatou bò kote nou yo.”<sup>6</sup>

### Se pou nou toujou gen kouraj

“Nan lavi nou chak jou, li prèske inevitab pou moun atake lafwa nou. Pafwa, menm lè nou antoure avèk moun bò kote nou, nou gen dwa twouve nou kanpe an minorite oubyen menm kanpe poukont nou nan sa ki akseptab ak sa ki pa akseptab. . . .

“Se pou nou toujou gen kouraj epi prepare pou nou defann sa nou kwè, epi, si sa ta rive pou nou kanpe poukont nou nan pwosesis la, se pou nou fè sa kourajezman, konesans nou konsènan reyalyite sa a, ke nou pa janm poukont nou lè nou kanpe avèk Papa nou ki nan Syèl la, ap fòtifye nou.”<sup>7</sup>

### NÒT

1. Thomas S. Monson, “The Three Rs of Choice,” *Liahona*, Nov. 2010, 67, 68.
2. Thomas S. Monson, “The Call for Courage,” *Liahona*, Me 2004, 55.
3. Thomas S. Monson, “Be Strong and of a Good Courage,” *Liahona*, Me 2014, 69.
4. Thomas S. Monson, “Believe, Obey, and Endure,” *Liahona*, Me 2012, 129.
5. Thomas S. Monson, “May You Have Courage,” *Liahona*, Me 2009, 126.
6. Thomas S. Monson, “Three Goals to Guide You,” *Liahona*, Nov. 2007, 118–19.
7. Thomas S. Monson, “Dare to Stand Alone,” *Liahona*, Nov. 2011, 60, 67.

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Ou gen dwa mande moun w ap anseye yo pou yo panse sou yon sitiyasyon nan semèn k ap vini an—lakay yo, nan travay, nan lekòl, oswa nan legliz la—ki ap mande yo pou yo aji avèk kouraj. Yo gen dwa simonte laperèz, sipòte yon bagay difisil, kanpe pou kwayans yo, oswa deside pou obeyi yon prensip pi totalman. Envite yo pou yo pataje panse yo oubyen ekri yo.

## JÈN YO

### Vin yon Sarah pou yon lòt moun

McKenzie Miller

**M**te konn twouve sa difisil pou m itilize kwayans mwen kòm repons pou kesyon osi senp tankou “Poukisa ou pa bwè kafe?”. Nan lefase, m te konn chèche eskiz tankou “Li twò anmè” oubyen “M pa renmen gou a.”

Poukisa m te anbarase konsa? Poukisa m te konn tèlman pè pou m kanpe pou sa m kwè konsa? Lè m ap

gade dèyè, mwen pa konprann egzakteman kisa m te pè a. Men mwen sonje egzakteman kilè m te sispann kache dèyè ekskiz mwen yo.

Yon jou nan yon klas Anglè nan lekòl la, pwofesè a te anonse ke nou ta pral gade yon epizòd sou yon pwogram nan televizyon m te konnen ke m pa t dwe gade. Pandan lòt elèv yo te kontan epi plen eksitasyon, Sarah, yon kanmarad nan klas mwen an, te leve men li epi li te mande si l te ka soti deyò.

Lè pwofesè a te mande l poukisa, Sara te reponn tou nòmalman: “Paske m se yon Mòmmon epi m pa gade pwogram ki gen move pawòl.”

Kouraj li pou l te kanpe devan klas la te etonan. Gras avèk Sarah, mwen menm tou m te kanpe epi, avèk konsyans nou byen klè, nou te tann deyò a jiskaske pwogram nan te fini.

Sa te chanje m ajamè. M te kòmanse eksplike kwayans mwen olye m te evite sijè a. Epi kòm rezilta, mwen te vin gen konfyans nan tèt mwen epi m te menm patisipe plis nan Legliz la ak nan aktivite lekòl mwen yo.

Mwen pa t janm di Sarah kijan egzanp li a te enpòtan pou mwen, men, m eseye swiv egzanp konfyans nan tèt li a. Kounyeya, mwen vin rann mwen kont ke m absoliman pa gen pou m wont dèske m fè pati Legliz mèveye ak sakre Bondye a. Mwen espere ke, atravè egzanp mwen, m ap kapab vin yon Sarah pou yon lòt moun.

*Otè a ap viv nan Utah, nan Etazini.*

## TIMOUN YO

### Kouraj nan ekriti yo

**P**rezidan Monson anseye nou pou nou gen kouraj pou nou kanpe pou sa nou kwè. Gen anpil egzanp nan ekriti yo sou moun ki te demontre kouraj. Li ekriti ki bò kote chak non yo. Nan ki fason moun sa yo te montre kouraj pou yo te kanpe pou sa yo te konnen ki te dwat? Ou gen dwa ekri oubyen desine yon bagay kòm repons ou.

Danyèl (Danèl 6:7, 10–23)

Estè (Estè 4:5–14; 5:1–8; 7:1–6)

Samyèl, Lamanit la (Elaman 13:2–4; 16:1–7)

Joseph Smith (Joseph Smith—Istwa 1:11–17)

© 2015 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon Anglè: 6/14. Apwobasyon tradiksyon: 6/14. Tradiksyon *First Presidency Message*, April 2015. Haitian. 12584 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Karakteristik Jezikri: San riz e san Ipokrizi

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konn kisa pou nou pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaje a? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

*Sa a se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan fwaje ki dekri kalite Sovè a genyen.*

Lè nou konprann ke Jezikri pa gen ni riz ni ipokrizi lakay li, sa ap ede nou fè efò pou nou suiv egzanp li fidèlman. Èldè Joseph B. Wirthlin (1917–2008) nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Twonpe yon moun se deseewa li oubyen fè l egare. . . . Yon moun san riz se yon moun ki inosan, ki gen entansyon onèt, ak motif ki onèt, lavi li refleto pratik senp ki se konfòme aksyon chak jou yo avèk prensip entegrite li. . . . Mwen kwè ke nesese pou manm Legliz yo rete san riz la gen dwa pi ijan kounyeya pase nan lòt epòk paske anpil moun nan mond lan aparaman pa konprann enpòtans vèti genyen.”<sup>1</sup>

Konsènan ipokrizi, Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan, te di: “Okenn nan nou pa toutafè osi sanblab ak Kris la jan nou konnen nou ta dwe ye. Men, nou sensèman anvi simonte fot nou yo ak tandans pou peche ki andedan nou an. Avèk tout

kè nou ak tout nanm nou, nou vle vin pi bon atravè èd Sakrifis Ekspyativite Jezikri a.”<sup>2</sup>

Nou konnen “nou pral jije selon aksyon nou, dezi kè nou, ak kalite moun nou vin tounen an.”<sup>3</sup> Men amezi n ap efòse nou pou nou repanti, n ap vin pi pure—epi “benediksyon pou moun ki pi nan kè yo: paske yo va wè Bondye” (Matye 5:8).

## **Ekriti adisyonèl**

Som 32:2; Jak 3:17; 1 Pyè 2:1–2, 22

## **Nan Ekriti yo**

Timoun piti yo san riz. Jezikri di: “Kite timoun yo vin jwenn mwen. Pa anpeche yo vini, paske wayòm Bondye a se pou tout moun ki tankou yo. . . . Apresa li pran [timoun yo] nan bra l, li mete men l sou tèt yo chak, li beni yo” (Mark 10:14, 16).

Kris la te sèvi timoun yo nan Amerik la tou apre Krisifiksyon l lan. Li te mande moun yo pou yo te mennen timoun piti yo ba li epi “depoze yo atè a alantou l, epi Jezi te kanpe nan mitan; . . .

“ . . . [Epi] li te kriye, epi fowl la te rann temwayaj konsènan sa, e li te pran timoun piti yo youn apre lòt, li te beni yo, epi li te priye Papa a pou yo. . . .

“Epi lè yo te gade, yo te voye je yo nan direksyon syèl la, epi yo te wè syèl la louvri, epi yo te wè zanj k ap desann sòti nan syèl la kòm si sete nan mitan dife; yo te desann epi yo te antoure timoun piti yo, . . . epi zanj yo t ap sèvi yo” (3 Nefi 17:12, 21, 24).

## **NÒT**

1. Joseph B. Wirthlin, “Without Guile,” *Ensign*, Me 1988, 80, 81.
2. Dieter F. Uchtdorf, “Come, Join with Us,” *Liahona*, Nov. 2013, 23.
3. *Manyèl Enstriksyon 2: Administrè Legliz la* (2010), 1.2.1.

## **Konsidere bagay sa a**

Kisa nou ka aprann konsènan rete san riz nan men timoun piti yo? (Gade Guide to the Scriptures, “Guile.”)